



# Prepare W Pou W Deklare Enpo Yo



## Pran dispozisyon kounye a pou prepare w pou ranpli deklarasyon enpo sou revni federal ou avèk konsèy sa yo

Kòmanse pa vizite IRS.gov, kote w ap jwenn zouti sou entènèt pou jwenn enfòmasyon ou bezwen yo. Zouti sa yo fasil pou itilize epi yo disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7. Gen plizyè milyon moun ki sèvi ak yo pou ranpli epi peye enpo yo, wè enfòmasyon kont yo, epi jwenn repons pou kesyon enpo yo.

### Dispozisyon ou kapab pran kounye a pou fè deklarasyon enpo w pi fasil


- Kreye oswa jwenn aksè nan Kont IRS sou Entènèt ou a pou sèvis ak enfòmasyon
- Rasanble epi òganize dosye enpo w yo. Ranpli lè ou genyen tout dokiman enpo w yo
- Tcheke nimewo idantifikasyon enpo endividyèl ou (ITIN) pou renouvèlman
- Jwenn yon nimewo idantifikasyon pèsònèl pou pwoteksyon idantite (IP PIN)
- Louvri yon kont labank pou akselere ranbousman enpo yo ak depo dirèk

### Kisa ki nouvo epi kisa pou konsidere pwochen fwa ou ap ranpli

- Konnen kijan pou rapòte peman pou machandiz ak sèvis si ou resevwa Fòm 1099- K
- Konprann kijan pou rapòte byen dijital tranzaksyon yo ak sa ki pou fèt si ou resevwa Fòm 1099-DA
- Asire w ou te fè prelevman enpo sifizan (an anglè)
- Vin fanmiye avèk chanjman nan lwa enpo yo ki ka afekte ranbousman enpo w la
- Evite reta nan ranbousman epi konprann dat limit ranbousman yo

### Make paj resous IRS.gov ak zouti sou entènèt yo

- Eksplòre opsyon pou ranpli deklarasyon enpo yo gratis
- Jwenn estati ranbousman w lan
- Aprann kijan nouvo lejislasyon enpo a ka afekte deklarasyon enpo w ak kantite lajan ranbousman w lan (an anglè)
- Pwoteje tèt ou ak lajan ou
- Konsilte zouti ak resous sou entènèt pou jwenn èd ak enfòmasyon nenpòt ki lè



Eskane kòd QR la epi prepare w pou ranpli enpo yo